

Enfòmasyon Enpòtan sou Matematik pou Klas Premye Ane


Meziman Lineyè avèk Kòmansman Fraksyon




Chè Fanmi,

Nou ap kòmanse yon nouvo inite detid nan matematik ki rele Meziman Lineyè avèk Kòmansman Fraksyon. Inite detid sa kòmanse avèk leson sou longè, enkli klase objè pa longè, kòman longè kapab mezire kote yo kapab itilize divès objè, devlope teknik sou meziman presi, epi dekri meziman ki ant inite nonb antye. Alò elèv pral travay sou konparezon dirèk e endirèk pou konpare longè objè. Yo pral konkli inite sa avèk leson ki entwodui elèv nan fraksyon kote yo pral divize sèk ak rektang, kreye de oswa twa pati egal. Nan tout inite sa, elèv pral travay sou lonmen epi chèche valè monnen. Objektif enstriktif espesifik ke pitit ou pral travay sou li a nan lis anba avèk egzanzp ki montre konpreyansyon elèv nan chak objektif espesifik.

Objektif Enstriktif: Itilize yon règ pou mezire longè yon objek pi pre pous.

Egzanzp Pwoblèm	Egzanzp sou Solisyon Elèv
<p>Carlita vle mezire longè makè li. Ki longè makè a an pous?</p>	 <p>Longè makè Carlita a se 3 pous.</p> <div data-bbox="764 842 1528 1293" style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; width: fit-content; margin-left: auto;"> <p>Lè m ap mezire, mwen konnen ke mwen dwe plase objè a akote règ la kote yon pwent objè a alinye avèk pwent règ la. Answit, mwen gade chif ki pi pre pwent makè a. Se chif sa ki pral sèvi pou longè objè mwen an</p> </div>

Objektif Enstriktif: konpare longè de objè endirèkman epi gwoupe longè twa objè dirèkman.


Egzanzp Pwoblèm	Egzanzp sou Solisyon elèv
<p>Groupe flè yo soti nan pi kout pou rive nan pi wo. 1 se pi kout e 3 se pi wo.</p>	<div data-bbox="526 1478 1143 1919" style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; width: fit-content; margin-left: auto;"> <p>Pou konpare wotè flè yo, mwen chèche sa ki pi kout la epi mwen mete yon 1 anba li. Answit mwen gade de lòt flè yo epi mwen jwenn sa ki pi long la e mwen mete 3 a anba li. Dènye flè a se sa ki nan mitan alò li jwenn 2.</p> </div> <div style="display: flex; justify-content: space-around; align-items: center; margin-top: 20px;">  </div> <div style="display: flex; justify-content: space-around; align-items: center; margin-top: 10px;"> <div style="text-align: center;"><u>3</u></div> <div style="text-align: center;"><u>1</u></div> <div style="text-align: center;"><u>2</u></div> </div>

Objektif Enstriktif: Divize sèk avèk rektang an de e kat pati epi dekri pati yo kòm demi ak ka.

Egzanp Pwoblèm

Egzanp sou Solisyon Elèv

Montre tout mwayen rektang kapab divize pa ka.



Mwen konnen ke pou divize rektang lan an ka, mwen dwe kapab fè kat pati ki egal a inite a.

Objektif Enstriktif: Montre monnen avèk valè yo

Egzanp Pwoblèm

Egzanp sou Solisyon Elèv

Ki pyès monnen sa ye e ki valè li?



Imaj sa montre yon dim. Yon dim vo dis santim Ameriken.



Panse Matematik ak Pratik sou Objektif Enstriktif: Chwazi zouti epi itilize yo pou ede w rezoud pwoblèm.

Bagay ou kapab fè lakay pou sipòte pitit ou nan tout inite detid sa:

- **Estime Longè**
Mande pitit ou pou ede ou estime longè nan tèm pratik. Pa egzanp, konbyen chèz ke yon bò nan tab la kapab pran? Konbyen etap li pran pou mache soti nan kuizin nan rive nan pòt devan an?
- **Pi Kout Ke Bra Mwen**
Fè pitit ou a estime ki objè nan kay la ki pi kout ke bra li. Answit fè pitit ou mezire yo pou asire sa li estime a. Kòm yon ekstansyon, chwazi yon diferan pati nan kò oswa konpare de longè. Egzanp, eske w kapab jwenn yon bagay ki pi kout ke janm ou men ki pi long ke bra ou?
- **Make Wotè**
Si ou make kijan wotè pitit ou a ap chanje detanzantan nan mi an, sa se yon bon tan swa pou gade tablo ki dezinye pou wotè a avèk pitit ou epi pale sou li oswa petèt pou kòmanse yon tablo si ou pate gentan genyen youn. Ou ta kapab ede pitit ou tou pou gwoupe objè pa wotè-yon gwoup bwat, kèk pyès riban, oswa zannimo boure pitit ou a. Mande pitit ou pou pale sou kilès ki pi kout e kilès ki pi long. Si pitit ou jwenn difikilte pou gwoupe plizyè objè, ou kapab klase objè yo nan twa gwoup-kout, mwayen, ak wo.
- **Matematik ak Literati**
Men kèk liv pou timoun ki genyen ide ki genyen rapò avèk travay nan inite detid matematik sa a. Chèche yo nan bibliyotèk lokal ou epi li yo ansanm avèk pitit ou.
 - Jim and the Beanstalk by Raymond Briggs
 - Inch by Inch by Leo Lionni
 - Guess How Much I Love You by Sam McBratney
 - Super Sand Castle Saturday by Stuart J. Murphy
 - The Littles by John Peterson
 - Math counts: Length by Henry Pluckrose
 - The Line Up Book by Marisabina Russo
 - If You Hopped Like a Frog by David Schwartz